

# Gouvènman Kanada pibliye Deklarasyon ekonomik otòn 2023

**Prezantasyon plan ekonomik gouvènman an pou bati yon ekonomi solid k ap bon pou tout moun**

21 novanm 2023

Ottawa, Ontario

Depatman Finans Canada

Jodi a, Onorab Chrystia Freeland, Vis-premye minis e Minis Finans, ap prezante Deklarasyon ekonomik otòn 2023, ap pran yon seri desizyon pou sipòte klas mwyèn nan e konstwi plis kay pi rapid.

Plan ekonomik gouvènman an gen pou objektif pou bati yon ekonomi solid k ap pwofite tout moun, kote ap gen bon travay kanadyen yo kapab fè konfyans. E plan sa a ap mache.

Plis pase yon milyon kanadyen anplis gen yon travay jodi a parapò avan pandemi an. Enflasyon an ap bese, ogmantasyon salè depase enflasyon an e ekonomis nan sektè prive a ap atann yo pou Kanada evite resesyon anpil moun te predi.

Lè nou konsidere monte rapid to enterè nan nivo mondyal, anpil kanadyen santi gwo tètchaje sitou nan kesyon achte oubyen lwe yon kay. Kòm repons, Deklarasyon ekonomik otò 2023 a konsantre sou 2 defi kle jodi a.

Premyèman, Gouvènman an kontinye ap sipòte kanadyen yo nan yon moman kote pri yo toujou twò wo ak renouvèlman ipotèk kap parèt. Nouvo mezi ki pran gen pou objektif pou estabize pri yo, fè lavi vin pi bon mache, e pwoteje kanadyen yo nan kesyon ipotèk. Gouvènman an ap pran aksyon konkèr pou sipòte kanadyen yo. Sa mande pou kanadyen yo jwenn soulajman nan zafè ipotèk nan moman kote to enterè a vin pi wo. Pou sa kapab fèt, Deklarasyon ekonomik otòn 2023 a anonse yon nouvo konstitisyon ipotèk kanadyen ki bay detay sou soulajman sa a kote kanadyen yo kapab atann nan bank yo si yo ta nan difikite finansye.

Dezyèmman, gouvènman an ap akselere efò 1 yo pou bati plis lojman pi rapid, e pèmèt lojojman yo bon mache. Deklarasyon ekonomik otòn 2023 a chita sou desizyon enpòtan gouvènman an te deja pran, ap entwodui plizyè milya dola finansman pou kapab bati plis lojman pi rapid, pran mezi pou anpeche lokasyon peryòd kout pou kay yo kapab gen kanadyen k ap itilize yo ou viv ladan yo pou yo kapab kontribye nan ogmantasyon travayè nan konstriksyon nan tout peyi a. Jodi a, gouvènman federal la ap kontinye travay nan direksyon yon efò nasyonal nan objektif pou pèmèt lojman pi bon mache tout kote nan Kanada.

Plan ekonomik gouvènman an responsab e li vize pou Kanada kenbe alafwa nivo ki pi ba a parapò a defisi nèt e dét nèt/PIB nan G7. Gouvènman an ap pran plis aksyon nan Deklarasyon ekonomik otòn 2023 a pou kapab garanti pou finans Kanada a rete solid pou nou ka kontinye investi yon fason responsab nan kanadyen yo, ranfòse klas mwyèn na e bati yon sosyete ki fò, yon ekonomi pou benefis tout moun.

Nan kad travay fondamantal travay gouvènman an ki gen pou objektif pou envesti nan avni ekonomik Kanada e kreye plis dyòb ki byen peye, gouvènmam an tabli tou yon nouvo kredi enpo enpòtan nan envestisman an priyelite, avèk pou aplikasyon lejislatif pwopresif pou fini nan 2024.

## Sitasyon

Plan ekonomik nou an se bati yon ekonomi solid k ap bon pou tout moun, e Deklarasyon ekonomik otòn sa a se pwochen faz nan plan nou an. Plan sa a konsantre sou soutni klas mwyèn nan, nan bati plis lojman pi rapid, n ap pran aksyon sou priyelite ki pi enpòtan pou kanadyen jodi a – e nou pral fè tout sa nou kapab pou reponn a bezwen kanadyen yo alawonnbadè.

- *Onorab Chrystia Freeland, Depite Premye Minis e Minis Finans*

## Kèk fè rapid

Plan ekonomik Kanada a ap mache:

- To chomaj nan Kanada pandan 21 mwa pase yo pa te pi ba avan gouvènman ki sot pase a. Plis pase yon milyon kanadyen anplis gen yon travay jodi a parapò a avan pandemi a.
- Salè yo depase inflasyon an pandan nèf mwa ki sot pase yo.
- Fon monetè entènasyonal prevwa Kanada ap gen plis kwasans ekonomik nan peyi G7 yo ane pwochen.
- Selon OCDE, nan premye 6 mwa ane sa a, Kanada klase nan twazyèm plas nan envestisman etranje dirèk nan lemonnantye – e pi wo pou chak abitan nan G7
- 

## Lyen ki gen rapò

- Deklarasyon Ekonomik Otòn 2023
- Deklarasyon Ekonomik Otòn 2023: Mezi Prensipal yo
- Enfòmasyon: Plan Aksyon pou Lojman Kanada
- Enfòmasyon: Sipòte yon mwayen solid
- Enfòmasyon: Envesti nan travayè yo ak ekonomi k ap grandi Kanada

## Kontak

### Medya ka kontakte:

Katherine Cuplinskas

Sekretè Laprès ak Konseye Kominikasyon

Biwo Depite Premye Minis la ak Minis Finans

[Katherine.Cuplinskas@fin.gc.ca](mailto:Katherine.Cuplinskas@fin.gc.ca)

Relasyon medya yo

Depatman Finans Kanada

[mediare@fin.gc.ca](mailto:mediare@fin.gc.ca)

613-369-4000

Pou enfòmasyon jeneral

Telefòn: 1-833-712-2292

TTY: 613-369-3230

Imèl: [financepublic-financepublique@fin.gc.ca](mailto:financepublic-financepublique@fin.gc.ca)